Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 3 февраль РУЗМАН

№5 (7440)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Районалъул администрациялда**

## Пайдаяб данделъиялъул пайдаго букIинадай...

Араб талат къоялъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда данделъун рукIана районалъул гIуцIабазулгун организациябазул нухмалъулезул ва росдал администрациябазул



бутIрул. Гьенир гьединго гIахьаллъана райадминистрациялъул хIалтIухъаби. Данделъиялъе нухмалъи гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас.

Сундул хIакъалъулъха гьениб бицен гьабураб гьелщинал гIадамалги гIахьал гьарун?

Байбихьуда кIалъазе вахъарав районалда бугеб МФЦялъул нухмалъулев АхIмад Амировас баян гьабуна жинца нухмалъи гьабулеб коллективалъ араб соналъ гIадамазе гьарурал хъулухъазул. Гьесул рагIабазда рекъон араб соналъ гьеб гIуцIиялъ халкъалъе гьабун буго 11830 хъулухъ, гьел хъулухъал тIуралаго бюджеталде бачIун буго 2 миллионгун 323 азарго гъурущ пачалихъияб пошлиналъул. МФЦ рагьаралдаса нахъе гIемер бигьалъаби щвана халкъалъе жидерго хъулухъал тIураялъулъ. Гьенир тIуралел руго паспортал кьеялда, ракьалъул ва мал-мулкалъул бетIергьанлъи чIезабиялъул документал «зеленкаби» гьариязда, субсидия щвеялъе ва налогазулаб инспекциялъ гьарулел документазул хъвай-хъвагIай гьабиялда хурхарал суалал. РукIана суалал МФЦялъ гIадамазе хъулухъ гьабулаго заман халат бахъулеб бугин абуралги. Гьел ва цогидалги суалазе мухIканал жавабал щвана МФЦялъул нухмалъулесухъа.

Данделъиялда АхIмадил пикру буссинабуна хадубккун гIадамазе гьарулел хъулухъал халат бахъинабичIого тIуразаризе ккеялде.

Хадув кIалъазе вахъарав районалъул нухазул участкаялъул нухмалъулесул заместитель ГIумаров Шамилица бицана жидер къайимлъиялда гъоркь ругел республикаялъулаб кIваралъул 44 км. ва бакIалъулаб кIваралъул 162,8 км. бугел нухазда, жидеца араб соналъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ. Шамилил рагIабазда рекъон араб соналъ нухазул участкаялъе бихьизабун букIун буго 12 миллионгун 400 азарго гъурущ. Гьеб гIарцудаса нухазда харж гьабизе хутIун рагIула 9 миллионгIанасеб гъурущ. Цебе нухазул участок букIун буго Дагъавтодоралъул генподрядчиклъун, гьанже абуни рагIула гьелъул субподрядчиклъун. ЗагIипго буго нухазул участок техникаялъул рахъалъги. Гьезул рагIула райадминистрациялъ кьураб кIудияб тракторги, жидерго букIараб кIиго гьитIинаб тракторги, цо басрияб КАМаз машинаги, грейдерги. ООО «Дорстройсервисалъул» нухмалъулев Давудов АхIмадица кьун буго нухазул участкаялъе «УАЗ» машинаги цо бульдозерги. 2003 соналдаса нахъе Дагъавтодоралдаса кинабгIаги техника бачIун рагIуларо гьезие.

Кинаб иш кканиги гьезие хIалае батулеб буго Давудов АхIмадил техника. Техникаялъул рахъалъ росабалъе унел нухал цIунизе рес рекъечIониги, нухазул участкаялъ цIатариялдалъун гьабулеб буго гьезие кумек.

Кумек гьабуларин абулелги камичIо залалда жанир бегавулзаби. Шамилица абулеб буго жидер санагIалъи бугеб мехалъ цIатариялъул ва тракторалъул рахъалъ жидеца кумек гьабичIев цогIаги росдал бегавул гьечIилан.

КIочIали росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIалиевас рахIатхун бицана нухазул участкаялдаса жидее гьечIеб кумекалъул, ва хварал нухал ругин абун, ГИБДДялъ



жидеда тIад къотIулел штрафазул хIакъалъулъ. Цо-цо бегавулзабаз лъикIаблъун рикIкIулеб буго бакIалъулал нухал къачIазе рихьизарурал гIарцул сурсатал росдал администрациябазухъе кьей. Техникаго гьечIел бегавулзабаз щиб хIалтIи гьабилеб гIарац гьезухъе кьунин абун суал лъолеб буго Шамилица. Лъаларо, щиб ккелеб гьеб мехалъги?! Нухазул участкаялъ росабалъе унел нухазда гьабулеб хIалтIудаса бегавулалги рази гьечIо.

Ахиралда кIалъазе вахъарав райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад Коратовас бицана дагьалъ цебе цо-цо росабазул администрациязда хал гьабулаго ишал тIураялъулъ гьениб батараб хIалалъул. Гьесул кIалъаялдаса бичIчIана росабалъ администрациябазул бутIруз кинабгIаги хIалтIи гьабулеб гьечIеблъи жидерго делопроизводство букIине кколеб хIалалда гIуцIиялда сверухъ: рагIуларо гьезул хIалтIул планал, тIоритIулел рагIуларо росдал администрациябазул ва Советалъул депутатазул данделъаби. Рехсана гьезул х1алт1улъ ругел цогидалги гIоларел рахъал.

131 абилеб Федералияб Законалъул тIалабазда рекъон гIуцIизе ккола бакIалъулаб самоуправлениялъ хIалтIи. Гьедин хIалтIичIони, метерисеб къоялъ гьениб кодобе босизе документ батизе гьечIеблъи мухIканаб буго. Райадминистрациялъ гьоркьоб хал гьарияб тIоритIичIони, гьезул хIалтIи нухде ине гьечIо. Росабазул администрациябазул хIалтIулъ гьелгощинал гIоларел рахъал МухIамад Коратовас рехседал, «кьвагьун» тана Анварбегил Шамилицаги: «жидерго гьаричIел гьедигIанасел хIалтIабигун, дун вуго гьал бегавулзабазги «вухула» абун…

Данделъи МухIамадрасул Гагиевас цIакъ берцинго бачана, кIалъалезе рес щвана жидерго пикраби тIубанго загьир гьаризе, суалал кьезе ва гьезие жавабал щвезе, жал гьелда рекъаниги рекъечIониги.

Ахиралда, данделъиялъул хIасил бачунаго, МухIамадрасулица абуна жакъасеб данделъи жиндир пикруялда пайдаяблъун кканин толин жинцайилан.

БитIараб буго. Пайдаяблъулаблъун ккана данделъи, амма лъаларо букIинадай гьелъул пайдаго, бицаралда хадуб къойилаб халгьабиги букIизабичIони, ва кидаго росдал бегавулзабазда цереса гьезул кагътал рекъезарула райадминистрациялъул хIалтIухъабиги ругони...

**ГIубайдула Малачдибиров**

**Лъайкьеялъул управлениялдаса хъвалеб буго**

Дагьаб цебе МахIачхъалаялда тIобитIараб «Бокьула мун, гIагараб ракь» тIадеги лъай кьолел идарабазул хIалтIухъабазул къецалда «Музыкаялъул мугIалим» номинациялда лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана ТIадгъаквариса ХIусен ИсмагIилов.

Къецал тIоритIиялъул мурад букIана махщел камилал педагогал тIатинари гуребги, цоцае хIалбихьи бикьи, мугIалимасул хIалтIул (захIматалъул) къадруя борхи ва махщел жеги камил гьаби.

Баркула ХIусенида педагогал-музыкантазул кIикъоялда анцIго творческияб хIалтIуда гьоркьоб гьесул хIалтIуеги мустахIикъаб къимат щвей ва гьарула хадуккунги бергьенлъаби.

* * *

Агъвали школалда тIобитIана «Метер магIарул мацI хвезе батани, хваги дун жакъаго, жаниб ракI кьвагьун» абураб районалъул Дагъистаналъул авторазул кучIдул рекIехъе цIалиялъул рахъалъ II классазул цIалдохъабазда гьоркьоб конкурс.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул анцIила кIиго школалдаса выпускникас.

Жюриялъе ва гIахьаллъаразе асар гьабуна Гьигьалъа Муи Шамиловалъ цIалараб «Унге, гIолилвасал, нуж Сириялде», Инхокъвариса Салимат Саидовалъ цIалараб МухIамад Шамхаловасул «Таня» ва ТIадгъаквариса Хадижат Дибировалъ рикIкIараб ГIали МухIамадовасул «Дагъистан» абурал кучIдул ва рекъонкколедухъ бакIалги гьезие кьуна.

Конкурсалъе хасаб чIаголъи цIалдохъаби кьуна миллияб ретIелги ретIун рачIиналъ ва цо-цоязул церерахъиналда букIараб музыкалияб сопровождениялъ.

Дирго рахъалъан гьарила киналго цIалдохъабазе гIагарал рахьдал ва авар мацIазде бугеб бербалагьи лъикIаб рахъалдехун хисизабизе, мацI кколелъул умумуз нилъее васигат гьабун, ирсалъе тараб хазина.

**ПатIимат МуртазагIалиева,** лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъан

МугIрул тун, авлахъалде гочарал магIарулал

# ГIабдулмажид Расулов: «Нижер ракI мугIрузда букIуна»

Районалъ 80 сон тIубаялъул юбилеялде хIадурлъулаго, архивалдаса росун районалъул тарихалдаса цо-цо хIужаби райгазеталда лъолаго, батана ТIелекьа Шабанов ГIалибулат гIемерал соназ нилъер районалда райисполкомалъул председательлъун ва цогидаби жавабиял хIалтIабазда хIалтIанин абун. ГIемерал бакIазда батана гьесул цIар хьван, амма гIемер ратичIо 1895 соналъ гьавурав ГIалибулат лъалел чагIи районалда хутIун. Райцентралда яшав гьабун ругел чIахIияб гIелалъул гIадамазги, кьварараб тIалабчилъи жиндехунго ва хIалтIухъабаздехун бугев нухмалъулев, кьураб рагIи тIубалев, гIарзагун рачIаразе ракI батулеб рагIи бицунев цIумадисезул мустахIикъав дурц вукIанин бицунеб рагIи гурони, жидедаго лъалев чи гьев вукIинчIин абуна ва тIадеги жубана «дуегIаги щибизе гьев гьанже цIехонилан?». Нилъерго тарих лъазе ккеларищан, жаваб дицаги кьуна...

...Райгазеталъ лъеберго ва инкъилаб бергьаралдасан кIикъоялда анцIго сон тIубаялда хурхараб кIудияб кIиго макъала батана дие 1967 соналъул «Колхозчиялда» рахъун. ТIоцебесеб буго ««Колхозчиялъ» гьайбатаб 30 сон» абураб, доб мехалъ вукIарав редактор ЖахIпар МухIамадовас хьвараб. Гьениб баркала кьолеб буго жигарав селькор, рагъул ва захIматалъул ветеран ГIалибулат Шабановасе газеталъулгун хурхеналъухъ. Дол соназул газетазда гIемер ратана Шабановас хьварал макъалаби. «ЦIадулал къоязул ракIалдещевеял» абураб макъалаялда мухбир ГIабдусалам Жалаловас хьвалел руго ГIалибулатил ракIалдещевеял. Щибха гьездасан дие баянлъараб? Лъана граждан рагъул гIахьалчи, ТIелекь росдал гIолохъабаздаса гIуцIараб партизаназул къокъадул цевехъан, Советияб власть гIуцIиялъе гIоло вагъарав, чанги къо бихьарав, къадрувяв командир ГIалибулат вукIин. МагIарул халкъалъул букIараб захIматаб, мискинаб, щибго ихтияр, рохел-гIатIилъи гьечIеб бецIаб гIумруялде канлъи речIчIизабизе, пачаясул хIукуматалъул зулму-хIалалъ кIвекIулеб ва бакIалъулал бечедал чагIаз лагъадерил бакIалда хIалтIизабулеб букIараб халкъалъе эркенлъи щвезелъун вагъарав, хадубккун колхозал гIуцIиялъулъги жигараб гIахьаллъи гьабурав кьварараб, хIинкъи-къай гьечIев, ритIухълъи бокьулев магIарулав вукIин.

ВатIаналде гитлерилал кIанцIараб I94I соналъ рагъде ине гIарза хьваниги, тылалдаги гIуцIарухъаби хIажалъулин абун, вихьизавула гьев нилъер районалде райисполкомалъул председателасул хъулухъалде. Ва гьелдаса нахъе бухьанин абизе бегьула гьесул гIумру цIумадисезулгун. ГIумрудул ахирал къоязде щвезегIан гIемераб хIалтIи гьабуна гьес районалда...

-Гьединав чиясул ирсилалги тохал гIадамал рукIинищха,-ян гьимана ГIабдулмажид живго Акнада росдае нухмалъи гьабизе кин ккаравали бицеян гьаридал. -Дир хIакъалъулъ росдал гIадамазда гьикъе, гьез гIадин битIараб дуе лъицаго бицинаро, амма дие хабар бокьун буго байбихьизе сундулъго дие кумек-квербакъи гьабурав Кизилюрт районалъул бетIер МухIамад Шабановасе (гьев ккола ГIалибулатил вацасул вас) баркала кьеялдасан. Кизилюрт районалда бицун рикIкIада бугеб, амма тIалъиялъ рехун течIеб росу ккола Акнада. МухIамад Шабановас хIалтIи байбихьула рикIкIадасангьесда бичIчIула райцентралде яги шагьаралде гIагардегIан ругел росабаздасан рикIкIадегIан ругезул гIузраби цIикIкIун рукIунеблъи. Щиб дица росулъ жамагIат разияб иш гьабун батаниги, гьелъулъ бугIа буго районалъул бетIерасул…

**-ГIабдулмажид, кинниги, байбихьилин дур ишазде. Дида бичIчIана мун рагIдукьги чIун, «къайицадахъал церетIезаризе» бокьулев чи вукIин. Лъала централияб телевидениеги гIахьал гьабун, гIемерал соназ «цIоролеб букIараб» Акнаде республикаялъул ва федералиял вакилзабиги рачIинарун, хасел бакьулъ газалъул суал рукIкIалиде ккезабураблъи...**

-БукIана гьединаб иш. 2012 соналъ анцIила кIиго сон букIана нижер росу «цIоролеб» букIаралдасан. Гьеб букIана гIураб къадаралда газалъул давление гьечIолъиялъ. Гьеб суалалъ киве аниги, дун рагIулев яги рагIизе бокьарав чиги вукIинчIо, хасго газеталда. ТIокIаб гьабизе жо дир хутIичIоха, президент Владимир Путинил сайталде кагъат хьвай гуреб. Гьениб хьвараб гьеб, талихIалъго берзукье ккун буго федералиял хIакимзабазде, ва байбихьана, абухьего, ахIи-хIур. Къокъаб хIасил-Акнада росу букIин «лъана» тIалъиялда ва нижее гIураб къагIидаялда газ букIунедухъ, цIигьабун къачIана газалъул мухъ. Жакъа газалъул кварилъи росулъ гьечIо, хинлъи буго щивасул рокъоб.

**-РагIана мун росдал жамагIаталъул гьариялда рекъон вачIарав вугин бегавуласул хIалтIуде…**

-Гьедин букIанин абизеги бегьула. Дун вукIана вацалгун цадахъ бизнесалда. КIудияв вац Мурад вукIана ФСБялъул офицер. Эменги гIемерал соназ росдаегун совхозалъе нухмалъи гьабурав чи вукIанин, росдал гIузрабиги рицун гурел, рихьун лъалин нужеда, Расул ГIумаровичасул цояв васас нухмалъи гьабизе кколин росдае, кинас гьабилебали нужецаго тIаса бищеян лъазабуна жамагIаталъ нижеда. Вацаз, жамагIаталъул гьари нахъчIвагеян, дида цIарчIвана. КIиго сон цIана имгIаласги дие, хIалтIи бажаричIони, нахъе ине. АнцIабилеб сон бугоха гьаб хIалтIуда. Гьанже гIолохъабазе нух кьезе ккелин пикру буго дирго.

Тохтурас бакIал ралезеги мугIалимас къуваталъулал идарабазеги амраби кьоларин абула цо дир гьалмагъас. Гьелъухъего, кинха дицаги росдае нухмалъи гьабилеб абун, ракIалдеги кколеб букIана. Амма вачIанищ чи хIалтIудегьев хIалтIизе ккола тIоцебесеб иргаялда, жиндаго тIад. Гьес борхизе ккола жиндирго лъай, вукIизе ккола киналго рахъалъ цогидазе мисалияв, дудасан босулелъул дур къокъаялъги мисал хьвада-чIвадиялъулъгун хIалтIулъ.



Ратила дирги гьалатIалги, амма бажарухъе анцIго соналъ нухмалъи гьабуна Акнада, Ангъида ва ГIаща росаби жанире рачараб, щуазарголдасанги цIикIкIун чияс яшав гьабулеб росдае. Киназего лъикIавлъун вукIинеги бажарулеб иш батичIо гIумруялда жаниб. Чанги данде ккана цо нухалъ гьабичIого хутIараб лъикIлъиялъухъ, соназги лъагIелазги ракIхварал гIадамал. Гьеб бугин тола дица нилъер халкъалъе кинабго жо цолъун, цадахъ гьункун гуреб, щивас жиндиего бикьун гьабизе ва гьезего гьечIеб бакIалда нилъеего гIузраби ургъун рахъизе бокьиялъул гIаламат. Бегьуларищ щибго гьечIеб гIадин, борхун бетIергун, жакъа гьабизе бегьулеб иш метерилалде нахътIамичIого, жакъаго тIубазе?

**-Кинниги, анцIго соналъ нухмалъи гьабуна росдае. Гьабураб, гьабизе хIисабалде босараб ва гьабичIого хутIарабги дагьаб батиларо…**

-ГIумруялъе чара гьечIого хIажатаблъун ккола лъим, нух, ток. Гьекъолеб лъел рахьалъ суал букIана бегIерго чIараб. Лъел скважинаби рухьана Акнада, Ангъида ва ГIаща. Жакъа къоялде гьеб суал роцIцIана. Нухазул рахъ босани, тIубанго хьил тIун рагIалде бахьичIониги, гIаммаб къагIидаялъ, кIиго километргун кIинусго метр нухда (Централияб ва Гагаринил къватIазда) хьил тIуна. Грейдер биччан, рацIцIарахъалъиялда чIезарула нухал, амма хьил тIезе ккани, багъаби «зодоре» рахунел руго нижехъе щвелалде. Шагьаралда жаниб яги аскIобго бугеб росулъ азарго гъурщиде щолеб чабахалъул машина, нижехъе щвелалде щуго-анлъго азаралде бахунеб буго. Гьединлъидал, дагьал квекIенал дандчIвалел руго гьеб рахьалъ. Канлъиялъулгун хинлъиялъул кварилъи ахираб щуго соналъ букIинчIо.

КIвар бугеблъун букIана лъималазул ясли-ахалъул суал. КIикього лъимералъе бакI бугеб ахалъул басрияб мина цIигьабун къачIазе ва тIадеги рукъзал разе кколеб букIана. Районалъул бетIерас рагIи кьун буго нусиялда кIикъоялда анцIго лъимералъе бакI бугеб лъималазул ах базе росулъ. Росулъан бехе чвахулеб Ахьташ лъаралда тIасан лъураб кьо къачIана автотранспорт хьвадизе ярагъунеб хIалалда.

Росулъ хIалтIулеб буго тохтурзабазулаб амбулатория, гьоркьохъеб школа. Кварилъи букIана росдал администрациялъул мина гьечIолъиялъ. ЦIибараб мина къаси сардилъ бухIана дун ва росуцоял «рокьулез». Гьелъул зарал росдае ккана диеялдасан цIикIкIун. 2016 соналъ цIидасан къачIана рехунтараб гьеб мина. Дун ва хIалтIухъаби хIебтIун рукIана росдал мадрасалъ «садакъаде» жанире риччараб гьитIинабго рокъор.

**-Ахирал соназ республикаялда кIвар кьолеб буго росдал магIишат цебетIезабиялде. Гьеб рахьалъ кинаб ахIвал-хIал бугеб акнадисезул?**

-Нижер гIадамаз кидаго хIалтIизабула ракь. Пер, баклажан, бахчадулал нигIматал рекьула, бича-хисула росулъго ва республика бахун къватIибехунги. Росулъ руго СПКялгун КФХял. ПиринчI гIезабиялде кIвар кьолеб буго цо-цояз, гьелъги лъикIаб хайир кьола. ГIи-боцIухъанлъиялде машгъуллъаралги руго росулъ гIадамал. Цо-цояз цIигьарулел руго фермаби. Жидерго продукция бичиялъул суал роцIцIун букIине, босун буго рахьдал нигIматал къачIалеб мини-завод. ГIаммаб куцалъ босани, цоги, кIигоги чиясе хайир щолеб бихьидал, сонидасан сониде цIикIкIунеб буго гIи-боцIи хьихьулезулгун ракьал хIалтIизарулезул къадар.

Цо къадар росуцоязул буго Москваялда ва улкаялъул цогидалги шагьаразда даран-базаралдагун ралел бакIазда.

ХIалтIулал бакIаздалъун гIадамал хьезариялъул рахъги киса-кибего гIадин буго. ХIукуматалъул хIалтIабазда хIалтIулел гIемерал гуро, жалго бетIергьанал предприятияздa хIалтIулезул къадар цIикIкIараб буго.

**-ГIабдулмажид, дуца абуна кIудияв вац ФСБялъул офицер вукIанин ва гьесулги кумек камичIин дур хIалтIулъ…**

-Гьесул кумекги камичIо, гьев ФСБялда вукIиналъго квербакъанин абуни, халкъалдаги мекъи бичIчIизе батила. Щай дица гьедин абулеб? Росдал гIолохъабазулгун гьабулеб хIалтIулъ гIемер кумек ккана гьесул. Росулъ чIвай-хьвеял, захIматал такъсирал ккечIо, гIун бачIунеб гIелалъул гIисибикъинаб хулиганлъи, цIогь гьаби, наркотикал ричи ва хIалтIизари къучIдасанго тIагIинабизе кIун батичIониги, цIакъго гIодобе ккана. Чанги гIолохъанчи мажгиталде вачун, гьедизавун, кантIизавуна. Хасал идарабазул учеталде росизе ругин «хIинкъизаризеги» ккана цо-цоял, живго вацасги гIемерал дандчIваял ва гара-чIвариял тIоритIана росдал гIолохъабигун ва школлъималгун диният экстремизмалда хурхарал, битIараб нухдасан ине ва лъай тIалаб гьабизе ккеялъул, лъавукълъиялъ квешлъиялде рачиналъул. Дир рес буго рекIелъ чIухIигун абизе нижер росулъа цониги чи улка бахун къватIивехун вагъизеги инчIин, «рохьилал» абураб цIар щваразул кьерулъги ва хасаб учеталдаги гьечIин абун. Гьеб ккола вацасул кумекалъул хIасил.

**-Щиб абилеб гьанир лъарагIлъиялда ва дора магIарухъ ругел дурго районцоязда (нижер гара-чIвари ккана Кизилюрталда)?**

-ТIоцебе абила цIумадисезул нусиялда лъеберазаргоялде гIунтIун чи вугин. Абизе бегьула гьеб кколин ДагъистаналъулцоцIо халкъалъулалдасанги цIикIкIараб къадар. РикIкIен букIин гIоларо, гьункизе ва цолъизе ккола, гьав нижер удаман, дов дозул цевехъан вугин абун рикьалабазда рукIинчIого.

Дун ва акнадисел щола нилъер росуцоязухъеги. Цо-цояз магIарухъ ругел Акнада, Ангъида ва ГIаща кулабазда ралел руго минаби. Газ бачIани, магIарухъе инин яшав гьабизеян абулелги камуларо. Умумузул ракьалде хIухьбахъиялъе тIубараб лъагIелалъги уна гьанисан росуцоял. Абухъего, ракI мугIрузда букIуна нижер, къисматалъ къватIире кканиги.

ТIиндадерил бегавул СаидхIусенгун дандбана ракьал ратIа гьаричIониги, минаби разе бокьаразе квал-квал гьабичIого, «зеленкаби» гьаризе кумек-квербакъи гьабиялъул суал. Гьесги жив кидаго хIадурав вугин хIалае вахъизеян абуна нижеда. Баркала гьесие.

Баркала районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовасе рехе ругел ракьцоязулгун гьарурал дандчIваязухъ. Гьединал тадбираз квербакъула гIадамал цоцазда лъазе, гьудуллъигьалмагълъи щулалъизе, районалъул нухмалъулезда сверухъ цолъизе ва гьункун цадахъ рукь цIазе.

Жегисала тIадвуссунги баркала кьола МухIамад Шабановасе. Дица гIадада гурелъул гара-чIвариялъул байбихьуда бицен гьабураб нилъер хIурматияв дурц ГIалибулат Шабановасул. Умумузул ирс босарав чийин вугев МухIамадги. Гьевги вохила жиндир имгIал цIумадисезда ракIазулъ вугин абуни. Бицун рикIкIадаб абун рехун течIого, чаналиго нухалъ росулъеги щун, жамагIаталъухъги гIинтIамун, бугеб хIалги лъазабун, бажарулеб суал тIубалин, бажаруларeб тIубазабизе хIаракатги бахьилин, республикаялъул тIалъиялда цебеги лъун абун, берцинаб каламги гьабун унаан росулъе щведал. ЦIумадисел жиндир гIагарал ругин абула гьес ва лъикIаб къиматги кьола нилъее. Нижецаги хIаракат бахъулаха цIумадисезул цIар борхатго цIунизе.

Нужееги баркала, нижги ракIалде щун, гьанире рачIаралъухъ. Цо-цо росулъеги щвезе бокьилаан, нижеразул цIиял харбал магIарухъ ругездаги лъазе. Телефоналъ кинабго баян гьабуниги, кагътида хьвараб жо тарихалде уна, гьеб наслабазе хутIула. Гьелъул магIна ккола газеталъулгун гьудуллъи ккеян абураб.

**-Баркала, ГIабдулмажид, ракI рагьараб гара-чIвариялъухъ.**

**Хадижат Залимханова**

Гара-чIвари

# Сахаб лъимер гьаби ккола эбел-инсуе рохел

**1981 соналъ Дагъистаналъул пачалихъияб мединститутталде цIализе ана ПатIимат МухIамадова ТIинди росулъ школаги лъугIизабун. Интернатура лъугIизабуна Тюмень областалъул Тобольск шагьаралда. ХIалтIуде байбихьана 1987 соналъ Болъихъ районалъул больницаялда. 1990 соналъ ячIана Агъвали райбольницаялъул акушер-гинекологлъун хIалтIизе. ГIемерал соназ нухмалъи гьабулеб буго гьелъ райбольницаялъул лъимал гьарулеб отделениялъе. Жакъа гьей ккола районалъул лъикIай тохтурзабазул цояй гурейги, райсобраниялъул цохIо йигей депутатги.**

**Гьоркьехун бахъулеб буго гьелъулгун нижер мухбиралъул букIараб гара-чIвари.**



**-ПатIимат, ахирал соназ районалда лъимал гьариялъул къадаралъул хIакъалъулъ щиб дуца бицинеб?**

- «Эбелалъул капитал» программа гIумруялде бахъараб ахираб анцIго соналда жаниб, 2006-2008 сонал рукIана лъимал цIикIкIун гьарураб.

Гьал ахирал соназ лъимаде ругел руччабазул къадар дагьлъана. Гьелъие гIиллалъун дица тола улкаялда бугеб кризис ва гIадамаз гIумру гьабиялъул захIматал шартIал. Лъимал цIикIкIун гьарула Агъвали, ТIинди, КIванада ва Гьигьалъ росабалъ.

**-Бокьилаан лъазе араб соналъ чан лъимер гьабураб районалда.**

-Араб соналъ районалда гьабуна кIинусиялда кьоло лъабго лъимер, гьезда гьоркьор васазул къадар цIикIкIун буго. Цо лъимер гьабуна ургьибго хвараб. Заман щвечIого гьабураб анлънусго грамм цIайи бугеб лъимер лъабго-ункъо сагIтидасан хвана. Рецц Аллагьасе, лъимаде йигей чIужугIадан хвеялъул хIужа ахираб анцIила анлъго соналда жаниб ккечIо.

**-ГьабсагIат лъимаде йигей чан чIужугIадан нужер учеталда йигей?**

-Нусиялда кьоло анлъго чIужугIадан йиго нижер учеталда. Гьаниб тIадчIун абила, лъимаде йигей чIужугIадан жидее бихьизабураб заманалда ячIине кколин анализал кьезе. Ургьиб лъимер ккун анцIила кIиго анкь иналде, киналго анализалги кьун, учеталда лъурай чIужугIаданалда хадуб хал кквезе бигьа букIуна. РукIуна руччаби бидул кьаби цIикIкIарал, беразул канлъи дагьал, мукъур лъугьин (зоб), ракIалъул ва цогидалги унтаби ругел. Гьел унтаби ругел руччаби уна хIинкъи бугезул группаялде гьорлъе ва тохтурасул халкквеялда гьоркь рукIине ккола. Гьединал руччаби сахлъи цIуниялъул министерствоялъул бихьизабиялда рекъон, лъимер гьабизе заман щолаго, МахIачхъалаялде ритIула. Гьелъуль буго лъимаде ругел руччабазулги лъимеральулги сахлъиялъе кIудияб кIвар. МахIачхъалаялда кьезе ккола гьез ургьиб инфекция бугищали тIатинабулеб анализ. Нагагьлъун батани, чIужугIаданалъгун гьелъул росас больницаялда сахгьариялъулаб хасаб курс гьабизе ккола. Гьединаб анализ кьезе лъикIаб буго ургьиб лъимер ккелалдего.

**-Заман щвечIого гьарурал лъималазе кинал шартIал гIуцIун ругел?**

-Заман щвечIого лъимер гьабиялъул хIужа къанагIатго ккоала. Гьединаб лъимер реанимациялъул отделениялда кювез аппараталда жаниб лъола.

**-ПатIимат, гIемер абортал гьарулаан цере...**

-Доб заман ана, нижеца гьединал «хъулухъал» тIураларо гьанже. Тохтурзабазги мунагь цIикIкIараб иш тIаде босуларо. Дицаги цебего ракIбухIун, тавбу гьабуна. Гьединаб мурадгун аскIоре рачIараздаги бичIчIизабула гьеб инсан чIвазда бащадаб иш букIин, ва гьарула жидее Аллагьас кьураб лъимер цIунеян. Цо-цоял рахъуна гIумруялъул шартIал захIматал ругин, яшав ва чорхол сахлъи лъикIаб гьечIин абун багьанаби рачине. Гьезда кIочон тола инсан дунялалде жиндие насибаб хинкIги кьалакь ккун вачIунин абураб магIарулазул аби. Лъимал ккола эбел-инсул бечелъи, лъугIи гьечIеб хазина.

**-Гьеб суалалда сверухъ щиб дуца абилеб районалъул руччабазда?**

-Дир кидагосеб гьари буго гьездехун бихьизабураб заманалда учеталде лъезе рачIаян ва тохтурас малъа-хъваялги росеян. ЧIужугIаданалда бичIчIизе ккола жинца кIиго инсанасул гIумруялъул жаваб кьолеб букIин. Гьелъул чанги къваридаб хIасил ккола: унтараб лъимер гьабула ва гIумруялъ гIазабалда хутIула. Аллагьас цIунаги руччаби гьединал балагьаздаса.

Киназего гьарула сахаб ва иман бугеб уммат.

**Зулфия Сажидова**

Антитеррор

# Профилактика терроризма



На прошлой неделе в Гигатлинской средней общеобразовательной школе состоялась встреча с учащимися 7-11 классов по вопросам профилактики идеологии терроризма и экстремизма среди учащихся.

На встрече приняли участие заместитель начальника управления образования района Магомед Омаров, заместитель начальника по охране общественного правопорядка оперативной группы по району Геннадий Суханов, участковые уполномоченные полиции Надирхан Абдулбасыров и Юрий Полозов, методист отдела спорта и молодежной политики администрации района Рамин Халитов, представитель отдела просвещения Муфтията в районе Шамиль Гаджиев и инспектор по делам несовершеннолетних Патимат Гаджимагомедова.

Открывая встречу, директор школы Муслим Вахидов представил гостей и предоставил слово Магомеду Омарову, который рассказал об августовских событиях 1999 года, о том как гигатлинцы вместе с силовыми органами мужественно отстояли свое село, район и Дагестан. Также он отметил и четырех учителей-орденоносцев Гигатлинской школы награжденных орденами «За мужество».

Подполковник Геннадий Суханов рассказал об опасном явлении современного мира -терроризме и о распространении в общественных группах с низким уровнем образования и культуры экстремистских идей.

В своем выступлении Патимат Гаджимагомедова привела статистические данные правонарушений среди подростков района, отметила необходимость активизации работы по предупреждению правонарушений среди учащихся. Далее она обратила внимание учителей и учащихся на то, что с 2015 года к уголовной ответственности привлекаются учащиеся с четырнадцатилетнего возраста и их родители за ненадлежащее содержание, обучение и воспитание детей.

В своем выступлении Шамиль Гаджиев отметил, что идет массированная агитация, направленная на искажение мусульманской религии и призвал не поддаваться искаженной идеологии и блюсти нормы истинного ислама, слушаться учителей и родителей, учиться, быть образованными и воспитанными.

-Терроризм и экстремизм - ни в коем случае не проявление ислама, так как ислам защищает людей и делает их чище, а не разрушает их морально и физически,- сказал Шамиль Гаджиев, завершая свое выступление.

Подводя итоги встречи, директор школы Муслим Вахидов поблагодарил гостей за содержательную встречу.

**Магомед Омаров,** заместитель начальника управления образования

Рузманкъоялъул вагIза

# Щвараб ресалдаса пайда босизе ккола



Бусурбабазул гIумруялда жаниб кIудияб кIвар буго мажгитазул. Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Щив чи вугониги хIанчIил бусен гIанасеб яги гьелдасаги гьитIинаб мажгит Аллагьасе гIоло барав, гьесие Аллагьас рукъ бала».

ГIемерисезул гIумрудул унго-унгояб байбихьи букIуна мажгиталда. Мажгит ккола ро нилъее берцин къачIараб, минарабигун хъубиги (купол) ругеб рукъ. КIвар бугеб букIиналъ, Аварагас гьеб базе гьесизарулел руго бусурбаби.

Щивас жиндие гIелму тIалаб гьабулеб бакI ккола мажгит. Гьанже мадрасаби рукIиналъ мажгиталда гIелму малъи, тарбия кьей дагьлъун буго, амма цебе кинабго мажгиталда букIунаан, хIатта унтарал сахгьарицин. Рокьоб рес рекъоларо букIине кколеб хIалалъ гIибадат гьабизе, амма мажгиталда, как бай гуребги, цоцадехун гьуинлъи-вацлъи щулалъула. Аллагьасе мажгиталдаса, рузманалде иналдаса, хIеж-гIумраялдаса нилъедаса хIажатаб буго цолъи.

Мажгиталда иналъулгун гьенир игIтIикафалда чIеялъул гIемерал хIадисалги асхIабзабазул рагIабиги руго. ГIалиасхIабас (р.гI.) абуна: мажгиталда вукIине дие цIикIкIун бокьула Алжаналда вукIиналдаса, щайгурелъул, Алжаналда дица дун рази гьавула вуго, мажгиталда Аллагь рази гьавула вуго. Мажгит ккола бусурбаби ракIарулеб бакI, нус-нус соназ жиндир къимат хвечIеб. Руччабазеги буго бакI мажгиталда, гьел рачIизеги бегьула, амма рачIунеб-унеб бакI батIаго букIине ккела, гьаракь борхун кIалъазе бегьиларо.

ГIалимзабаца гьукъуларо руччаби мажгиталде рачIине, амма рокьоб как базе гьезие лъикIаб буго. ТIоцебе цIализехъвазе бусурбаби мажгитазда ругьунлъана. Мадиналда лъайкьеялъул тIоцебесеб центрлъун букIана МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) мажгит. Доб заманаялдаго гIадин, жакъаги руго гIелму лъазабизе бокьаразе мажгитазда хасал рукъзал хасго цIалдохъабазе риидалил каникулазда.

МаслихIат гьабизе, шаргIалъул хIукму къотIизе ва бокьараб суал данд базе Аварагас мажгиталде ракIарулаан гIадамал. Гьедин данделъун ругьунлъарал бусурбаби, какде чи вачIичIони, ургьел кколаан, унтундай вугеван ва гьабулаан гьесухъе зиярат. Гьединго гьарула жакъаги мажгиталда вагIзаби халкъ лъикIлъабазде ахIарал.

Мажгитал батIи-батIиял рукIула (чIахIилгун гьитIинал, берцинго къачIарал), амма мажгит къачIай ккола мажгиталде гIемер хьвади ва гьениса нилъее щолеб берцинаб тIабигIат. Мажгит ккола Аллагьасул рукъ, гьединлъидал кIочене бегьуларо нилъее сундулъго кумек Аллагьасул букIин. ГIибадаталъе ва мунагьаздаса цIуниялъе Аллагьасул кумекквербакъи кидаго камугеги нилъее. Тавпикъ кьеги нилъее Аллагьас жив разияб хIалалъ хьвадун, нилъерго напс квегьизе ва ракIал рацIцIад гьаризе. Амин

Нилъер умумузул, гьанже нилъер гIадин, рес букIинчIо мажгитаздаса пайда босизе. Гьединлъидал нилъеца щукру гьабизе ккола нилъее щвараб ресалдаса ва гьелдаса пайдаги босизе ккола.

**Шамил ХIажиев,** Агъвали мажгиталъул имамасул заместитель

# Мажгит къачIана

Гьал къоязда Агъвали росдал КIолихъ авалалда къачIан рагIалде бахьана авалмажгит. Мажгит рагьиялъул мажлисалда гIахьаллъарав районалъул имамзабазул Советалъул председатель СаидхIусен ПирмухIамадовас, Агъвали росдал мажгиталъул заместитель Шамил ХIажиевас, ГьигьалъгIурухъ мажгиталъул имам ШафигIан ГIабдулмуслимовас гьаруна вагIзаби, бицана мажгиталъул адабазул хIакъалъулъ, гьел рарaзе ва гьезие кумек гьабуразе букIунеб даражаялъул.

Районалъул имамас абуна мажгит чIаго гьабизе кколин щибаб какде жамагIат цIикIкIун хьвадиялдалъун ва гьелде ахIана КIолихъ авалалъул жамагIат. Гьединго мажлислда хIукму гьабуна мажгиталъе гIалим ХIусейнияв МухIамадил (РотIа) цIар кьезе. Ахиралда киназго дугIа гьабуна МухIаммад аварагасул (с.гI.в.) тIолго умматалда тIасан.

Аллагьас кири кIодо гьабеги мажгит цIигьабизе кумек гьабуразе.

**МахIмудапанди Абакаров**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2030 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе ккола 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

# ТакъсирчагIазда тIад материалал гьаруна

ЛъагIалил ахиралда яги байбихьуда, гIадат хIисабалда, букIуна сундулъго хIасил бачи яги хIисабкьей-я жиндиего, я жамагIаталъе.

Жанисел ишазул районалъул отделалъул цIех-рехалъулаб къокъаялъул араб соналъул хIалтIи лъугIана анкьго такъсирияб делоялъул хIалтIи рагIалде бачиналдалъун.

Гьедин, законияв гурел яргъид гIуцIарал къокъабазе кумек гьабулей йикIарай КIванадаса ГIалиева ПатIимат ГIалиевналъул дело битIун буго Болъихъ районалъул судалде.

Хушетиса ГъазимухIамадов Юнус ГIизудиновичас цIогь гьабиялда хурхун гьабураб дело гьебго судалде битIана.

ГIемерал соназ халкъазда гьоркьосеб цIех-рехалда вукIарав Хуштадаса ГIабдулхаликъов МухIамад ХIажиевич, хасал тадбирал тIоритIулаго чIван вукIиналда бан, РФялъул УПКялъул къоло ункъабилеб статьялъул тIоцебесеб бутIаялъул ункъабилеб пунктaлда рекъон, гьесда тIад гьабураб материал гьоркьоб къотIизе тана.

Гьединго Болъихъ районалъул судалде ритIана законияв гурел яргъид гIуцIараб «ЦIумада» къокъаялъулазе кумек гьабулел рукIарал Инхокъвариса МухIамадов МухIамад МукIутовичасда, Эчедиса МухIамадрасулов МухIамад Нуридиновичасда ва КIванадаса ГIумаров ГIалисултан ГъазимухIамадовичасдагун Къурачев ГIали Мусаевичасда т1ад гьарурал делаби.

Судалъ ритIухъаб тамихI гьезие къотIиялда щибго щакльи кколаро, ва нилъер гIолохъабазе битIараб нухдасан таричIого рукIине дагьабниги кумек гьел хIужабаз гьабилин божиги буго.

**ХIабиб ЖабрагIилов,** МВДялъул райотделалъул кIудияв следователь

## Лъазаби

Полициялъул райотделалде хIалтIизе росулел руго тIадегIанаб лъай бугел, армиялда хъулухъ гьабурал 18-35 сонил ригьалъул гIолохъаби. Жакъа къоялде вакансиялда буго 7 хIалтIулаб бакI.

ТIадеги баянал щвезе рачIине бегьула райотделалде.

## Спорт

### Кубокалъе мустахIикълъарал вацгIалзаби



Январалъул ахиралда Хасавюрталда гIисинал гIолилазда гьоркьоб тIобитIараб муай-тай боксалъул рахъалъ Дагъистаналъул Кубокалда тIоцересел бакIал ккуна Чонтаул росулъ яшав гьабун ругел ТIиндиса МухIамадрасул МухIамадовасгун Шамил ГIабдурахIмановас. Гьезие рес щвана февралалъул ахиралда Красноярск шагьаралда тIобитIизесеб муай-тай боксалъул рахъалъ Россиялъул Кубокалда гIахьаллъизе.

Баркула гIисинал спортсменазда бергьенлъаби ва гьарула хадубккунги спортивияб икъбал.

**Салтанат МухIамадова**, Чонтаул росу

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабазул коллективалъ гьаридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Зулфия, Арсен ва Шамил Сажидовазда ва тIолабго гIагарлъиялда гьезул эбелалъул вац

**ХIамид**

тохлъукьего чIвараб унтудаса хадув Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварав иманалда тIовитIун ватаги.

Агъвали росдал школалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Хадижат ХIамидовалда, Зулфия ва Айдемир Сажидовазда гьезул вац ва эбелалъул вац

**ХIамид**

тохлъукьего чIвараб унтудаса хадув Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварав иманалда тIовитIун ватаги.

### Исполнение сельского бюджета за 2016 год администрации сельского поселения «Сельсовет Хуштадинский»

(тыс. руб.)

| № | Наименование показателей | 2016 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 68,0 | 68,0 | 64,1 | 94,3 |
| 2 | Земельный налог | 45,0 | 45,0 | 64,1 | 142,4 |
| 3 | Налог на имущества | 100,0 | 100,0 | 90,2 | 90,2 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 25,0 | 25,0 | 17,2 | 68.8 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,3 | 115.0 |
| | Итого собственные доходы | 240,0 | 240,0 | 237,9 | 99,1 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2210,0 | 2210,0 | 2059,8 | 93,2 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 8,7 | 8,7 | 8,7 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | Итого | 2285,7 | 2285,7 | 2135,5 | 93,4 |
| | Всего доходов | 2525,7 | 2525,7 | 2373,4 | 94,0 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 1360,0 | 1360,0 | 1013,9 | 74,6 |
| | в т.ч. зарплата | 838,0 | 838,0 | 775,9 | 92,6 |
| 2 | ЗАГС | 8,7 | 8,7 | 8,7 | 100,0 |
| 3 | ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 37,0 | 37,0 | 41,1 | 111,1 |
| 4 | ЖКХ | 876,0 | 876,0 | 949,7 | 108,4 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 0,0 | 0,0 |
| 6 | Культура | 139,0 | 139,0 | 143,8 | 103,5 |
| | в т.ч. зарплата | 10,0 | 103,0 | 105,0 | 101,9 |
| 7 | ФК и спорт | 60,0 | 60,0 | 80,0 | 133,3 |
| | Всего расходов | 2515,7 | 2515,7 | 2263,1 | 90,0 |
| | в т.ч. зарплата | 885,0 | 978,0 | 922,0 | 94,3 |

### Показатели к бюджету на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г. администрации сельского поселения «Сельсовет Хуштадинский»

тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2017 | 2018 | 2019 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 65,8 | 65,8 | 65,8 |
| 2 | Налог на имущества | 111,8 | 111,8 | 111,8 |
| 3 | Земельный налог | 48,5 | 48,5 | 48,5 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 4,2 | 4,2 | 4,2 |
| | Итого собственные доходы | 232,3 | 232,3 | 232,3 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2312,0 | 2020,0 | 1919,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 8,7 | 8,7 | 8,7 |
| 3 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | Итого | 2385,7 | 2093,7 | 1992,7 |
| | Всего доходов | 2618,0 | 2326,0 | 2225,0 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1773,4 | 1495,3 | 1394,3 |
| | в т.ч. зарплата | 755,1 | 755,1 | 755,1 |
| 2 | ЗАГС | 8,7 | 8,7 | 8,7 |
| 3 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | в т.ч. зарплата | 46,0 | 46,0 | 46,0 |
| 4 | ЖКХ | 556,2 | 567,0 | 567,0 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 6 | Культура | 149,7 | 155,0 | 155,0 |
| | в т.ч. зарплата | 115,0 | 119,0 | 119,0 |
| 7 | ФК и спорт | 60,0 | 30,0 | 30,0 |
| | Всего расходов | 2618,0 | 2326,0 | 2225,0 |
| | в т.ч. зарплата | 916,1 | 920,1 | 920,1 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Сельсовет Хуштадинский» А.Исмаилов**

### Исполнение сельского бюджета за 2016 год администрации сельского поселения «Сельсовет Верхнегакваринский»

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2016 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 23,0 | 23,0 | 18,4 | 80,0 |
| 2 | Земельный налог | 20,0 | 20,0 | 20,0 | 100,0 |
| 3 | Налог на имущества | 30,0 | 30,0 | 33,7 | 112,3 |
| | неналоговые доходы | 5,0 | 5,0 | 1,3 | |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 0,0 | 0,0 |
| | Итого собственные доходы | 80,0 | 80,0 | 73,4 | 91,8 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1250,0 | 1250,0 | 1228,0 | 98,2 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,8 | 2,8 | 2,8 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | Итого | 1319,8 | 1319,8 | 1297,8 | 98,3 |
| | Всего доходов | 1399,8 | 1399,8 | 1371,2 | 98,0 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 1029,0 | 1029,0 | 1001,0 | 97,3 |
| | в т.ч. зарплата | 760,0 | 760,0 | 769,7 | 101,3 |
| 4 | ЗАГС | 2,8 | 2,8 | 2,8 | 100,0 |
| 5 | ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 37,3 | 37,3 | 41,1 | 1 10,2 |
| 6 | ЖКХ | 142,0 | 142,0 | 157,9 | 111,2 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | |
| 8 | Культура | 159,0 | 159,0 | 149,7 | 94.2 |
| | в т.ч. зарплата | 122,0 | 122,0 | 125,0 | 102,5 |
| | Всего расходов | 1399,8 | 1399,8 | 1378,4 | 98,5 |
| | в т.ч. зарплата | 919,3 | 919,3 | 935,8 | 101,8 |

### Показатели к бюджету на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г. администрации сельского поселения «Сельсовет Верхнегакваринский»

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2017 | 2018 | 2019 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 22,3 | 22,3 | 22,3 |
| 2 | Налог на имущества | 33,5 | 33,5 | 33,5 |
| 3 | Земельный налог | 21,5 | 21,5 | 21,5 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 0,8 | 0,8 | 0,8 |
| | Итого собственные доходы | 80,1 | 80,1 | 80,1 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1324,0 | 1157,0 | 1099,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,8 | 2,8 | 2,8 |
| 3 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | Итого | 1391,8 | 1224,8 | 1166,8 |
| | Всего доходов | 1471,9 | 1304,9 | 1246,9 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 943,9 | 920,1 | 918,1 |
| | в т.ч. зарплата | 591,1 | 591,1 | 591,1 |
| 3 | ЗАГС | 2,8 | 2,8 | 2,8 |
| 4 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | в т.ч. зарплата | 45,9 | 45,9 | 45,9 |
| 5 | ЖКХ | 255,4 | 19,0 | 47,0 |
| 6 | Культура | 189,8 | 189,8 | 189,8 |
| | в т.ч. зарплата | 147,3 | 147,3 | 147,3 |
| 7 | ФК и спорт | 15,0 | 15,0 | 15,0 |
| | Всего расходов | 1471,9 | 1211,7 | 1237,7 |
| | в т.ч. зарплата | 784,3 | 784,3 | 784,3 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Сельсовет Верхнегакваринский» С.Сулейманов**

### Исполнение сельского бюджета за 2016 год администрации сельского поселения «Сельсовет Нижнегакваринский»

(тыс. руб.)

| | Наименование | 2016 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | показателей | | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 44,0 | 44,0 | 22,1 | 50,2 |
| 2 | Земельный налог | 30,0 | 30,0 | 37,7 | 125,7 |
| 3 | Налог на имущества | 37,0 | 37,0 | 37,7 | 101,9 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 10,0 | 10,0 | 2,3 | 23,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 0,0 | 0,0 |
| | Итого собственные доходы | 123,0 | 123,0 | 99,8 | 81,1 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1440,0 | 1440,0 | 1440,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 3,2 | 3,2 | 3,2 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | Итого | 1510,2 | 1510,2 | 1510,2 | 100,0 |
| | Всего доходов | 1633,2 | 1633,2 | 1610,0 | 98,6 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 1005,0 | 1005,0 | 940,6 | 93,6 |
| | в т.ч. зарплата | 722,0 | 722,0 | 684,2 | 94,8 |
| 2 | ЗАГС | 3,2 | 3,2 | 3,2 | 100,0 |
| 3 | ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 37,3 | 37,3 | 40,9 | 109,7 |
| 4 | ЖКХ | 209,5 | 209,5 | 267,5 | 127,7 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 0,0 | 0,0 |
| 6 | Культура | 323,5 | 323,5 | 300,2 | 92,8 |
| | в т.ч. зарплата | 248,5 | 248,5 | 230,3 | 92,7 |
| 7 | ФК и спорт | 20,0 | 20,0 | 0,0 | 0,0 |
| | Всего расходов | 1633,2 | 1633,2 | 1578,5 | 96,7 |
| | в т.ч. зарплата | 1007,8 | 1007.8 | 955,4 | 94,8 |

### Показатели к бюджету на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г. администрации сельского поселения«Сельсовет Нижнегакваринский»

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2017 | 2018 | 2019 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 42,6 | 42,6 | 42,6 |
| 2 | Налог на имущества | 41,4 | 41,4 | 41,4 |
| 3 | Земельный налог | 32,3 | 32,3 | 32,3 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 1,7 | 1,7 | 1,7 |
| | Итого собственные доходы | 120,0 | 120,0 | 120,0 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1460,0 | 1276,0 | 1212,0 |
| 2 | Передаваемые полномочия | 0,0 | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 3,2 | 3,2 | 3,2 |
| 4 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | Итого | 1528,2 | 1344,2 | 1280,2 |
| | Всего доходов | 1648,2 | 1464,2 | 1400,2 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 968,0 | 902,3 | 902,3 |
| | в т.ч. зарплата | 643,5 | 595,8 | 595,8 |
| 2 | ЗАГС | 3,2 | 3,2 | 3,2 |
| 3 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | в т.ч. зарплата | 45,9 | 45,9 | 45,9 |
| 4 | ЖКХ | 195,1 | 195,1 | 195,1 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 6 | Культура | 386,9 | 356,1 | 356,1 |
| | в т.ч. зарплата | 296,4 | 272,0 | 272,0 |
| 7 | ФК и спорт | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| | Всего расходов | 1648,2 | 1551,7 | 1551,7 |
| | в т.ч. зарплата | 985,8 | 913,7 | 913,7 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Сельсовет Нижнегакваринский» Р. Ахмедов**

### Исполнение сельского бюджета за 2016 год администрации сельского поселения «Сельсовет Кочалинский»

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2013 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 174,0 | 174,0 | 145,4 | 83,6 |
| 2 | Земельный налог | 15,0 | 15,0 | 58,2 | 388,0 |
| 3 | Налог на имущества | 33,0 | 33,0 | 39,6 | 120,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 0,2 | 24,0 |
| | Итого собственные доходы | 223,0 | 223,0 | 243,4 | 109,2 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1220,0 | 1220,0 | 1194,0 | 97,9 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 3,8 | 3,8 | 3,8 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 59,0 | 59,0 | 59,0 | 100.0 |
| | Итого | 1282,8 | 1282,8 | 1256,8 | 98,0 |
| | Всего доходов | 1505,8 | 1505,8 | 1500,2 | 99,6 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 1050,2 | 1050,2 | 1074,4 | 102,3 |
| | в т.ч. зарплата | 756,7 | 756,7 | 736,8 | 97.4 |
| 2 | ЗАГС | 3,8 | 3,8 | 3,8 | 100,0 |
| 3 | ВУС | 59,0 | 59,0 | 59,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 37,3 | 37,3 | 41,1 | 110,2 |
| 4 | ЖКХ | 352,3 | 352,3 | 330,1 | 93,7 |
| 5 | Культура | 40,5 | 40,5 | 40,5 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 34,1 | 34,1 | 34,1 | 100,0 |
| | Всего расходов | 1505,8 | 1505,8 | 1507,8 | 100,1 |
| | в.т.ч.- зарплата | 828,1 | 828,1 | 812,0 | 98.1 |

### Показатели к бюджету на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г. администрации сельского поселения«Сельсовет Кочалинский»

(тыс. руб.)

| № | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2017 | 2018 | 2019 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 168,5 | 168,5 | 168,5 |
| 2 | Земельный налог | 16,2 | 16,2 | 16,2 |
| 3 | Налог на имущества | 36,9 | 36,9 | 36,9 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| | Итого собственные доходы | 222,6 | 222,6 | 222,6 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1270,0 | | 1054,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 3,8 | 3,8 | 3,8 |
| 3 | Субвен. ВУС | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| | Итого | 1330,8 | | 1114,8 |
| | Всего доходов | 1553,4 | | 1337,4 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 985,8 | 979,8 | 979,8 |
| | в т.ч. зарплата | 602,0 | 602,0 | 602,0 |
| 2 | ЗАГС | 3,8 | 3,8 | 3,8 |
| 3 | ВУС | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| | в т.ч. зарплата | 45,9 | 45,9 | 45,9 |
| 4 | ЖКХ | 476,8 | 476,8 | 476,8 |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 5 | ФК и спорт | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| | Всего расходов | 1553,4 | | 1547,4 |
| | в.т.ч.- зарплата | 647,9 | 647,9 | 647,9 |

**Председатель сельского Собраия сельского поселения «Сельсовет Кочалинский» М.Алиев**